

SHWA PARAN GENYEN POU TIMOUN KI ENKONTROLAB

Gid pou paran ki gen Timoun ki sove kite kay san pèmisiyon , ki souvan ap sote jou lekòl , ak/ osnon Timoun ke paran pa kapab kontrole anko

TOUT PARAN AK TOUT TIMOUN ESPERIMANTE PWOBLEM NAN LAVI YO

Gen de fwa kon gen plis pase yon sèl pwoblem andedan yon fanmi. Gen de pwoblem ke yon fanmi kapab rezoud pi vit . Konsa tou gen de pwoblem ki kon fè yon fanmi pedi Kontrol. Pwoblèm sa yo vini tout jan : Timoun ki ap sote jou lekòl, osnon ki pa vle ale lekòl di tou, timoun ki sove kite kay yo, osnon ki ap fe paran yo menas pou kite kay yo, osnon timoun ki pa tande lè paran yo pale ak yo, e ke paran yo pa kapab kontrole yo anko.

GEN ED POU FANMI OU

Sa gen 25 ane, lesgislatè nan Florid yo te pase yon lwa (Chapter 984, F.S.) ki ede fanmi yo mete an plas sèvis ki pou ede fanmi ki gen timoun ki ap bay pwoblem a kòz de move konpòtman yo lan sosyete ya. Sèvis sa yo apran timoun amelyore konpòtman yo epi li ede paran yo resoud pwoblèm timoun yo, evite paran yo tombe lan sityasyon ki pi rèd pi devan. Depatman Jistis pou Jèn yo bay lajan epi sipòte pwogram sa a pou evite timoun yo tombe nan pwoblem ki trò serye .

CINS/FINS

Sèvis la selon lalwa rele Timoun ki beswen sèvis (CINS). CINS vle di Timoun ke Tribinal konsidere ki sove kite kay li abityèlman, (men pi souvan) timoun kap sote jou lekòl souvan san pèmisiyon , osnon ke ou pa ka kontwole (ki pa obeyi ou) . Yon fanmi ki beswen sèvis (FINS) se yon tèm ke yo itilize pou pale de fanmi ki gen timoun ki presante nempòt nan pwoblem move konpòtman sa yo ke lalwa dekri piwo a.

PWOGRAM LOKAL KI KA POTE SOLISYON

Gen pwogram nan zòn ou rete ki ka ede ou jwen fason pou diminye osnon sispan jan de konpòtman sa a yo. Le pi souvan, fanmi yo ka jwen sèvis andedan lakay yo, osnon nan biwo ki nan zòn kote yo rete. Gen defwa se nan tribinal sèlman pou fanmi yan ale pou li jwen solisyon, men sa sipòse fèt an dènye rekou. Nan Florid, an tan ke paran, ou reskonsab pou bay pitit ou mange, rad, swen sante ak kote pou yo rete, ou paka refize pitit ou bagay sa yo. Si pitit ou ap sote jou lekòl tout tan, li lage nan vakabonday (li se yon brigandè/ an angle yo rele sa TRUANT), ou ka komanse pa kontakte lekòl ti moun nan, konsa ya ede ou itilize resous ki disponib nan CINS pwogram ki nan zòn ou.

ETAP POU KA JWEN ED OU BEZWEN.

RELE GRATIS NAN NIMEWO SA A : 1-800-runaway (786-2929).

Yon konseye ki antrene e ki gen esperyans, ap repon kesyon ou yo epi li ap di oumenm ak pitit ou a ki biwo (Florida Network of Youth and Family Services, Inc.) ki pi pre lakay ou , ke ou kapab kontakte. Osnon ou ka rele pwogram ki pre lakay ou - adrès tout biwo yo nan dèyè ti liv sa a .

REPON kesyon konseye ya ap poze ou a, ap detèmine si pitit ou a ka jwen sèvis yo ofri swivan lwa CINS/FINS la. Pitit ou a pa kapab gen yon ka briganday/ delenkans ki ouvè nan Depatman Jistis pou Timoun (DJJ), osnon li pa kapab amba sipèvisyon Depatman pou Timoun ak la Fanmi (DCF).

RAKONTE pwoblem ou genyen ak timoun ou an pou konseye ya ka konpran

sityasyon an. Sa a ap ede konseye an detèmine ki èd kap pi bon pou ou e ki kote pou al pran'l.

TANDE konsèy ak enfòmasyon pou ka jwen èd.

POSE kesyon si ou pa konpran.

KONTINYE FE SA YO MANDE OU POU FE. Ale nan pwogram CINS/FINS ki nan zòn lakay ou, epi mete randevou ,osnon rele nan telefòn konseye ya baou a.

KONTINYE travay ak CINS / FINS pwogram ki nan zòn ou, ansan ak lekòl la pou ka amelyore sityasyon an.

SEVIS YO OFRI NAN PWOGRAM LOKAL YO

ANKÈT AK EVALYASYON

Ankèt la, se pou yo ka komanse pran enfòmasyon sou oumenm ak sou pitit ou a, ki va pèmèt yo decide si pitit ou a gen dwa pou li resevwa sèvis CINS/FINS. Yap gen pou yo pose ou kesyon. Ou pa gen dwa pou jwen sèvis si pitit ou a sou sipèvisyon pou delenkans (DJJ), osnon sou depandans (DCF). Evalyasyon an se yon etid pi apwofondi de enfòmasyon ke ou bay yo ki va ede oumenm ak timoun ou an jwen bonjan sèvis.

PLAN POU AMELYORASYON/ PLAN SÈVIS

Konseye ou a va travay ak ou, ak timoun ou ,e lòt moun ankò pou ekri yon plan ki korespon ak beswen e objektif pa ou ak pa timoun ou an, sou bagay ki va gen pou fèt e konbyen tan yap bezwen pou yo realize.

ASISTANS SIKOSOSYAL

Yo ka pètèt ofri oumenm ak pitit ou a : asistans sikososyal an ekip, an fanmi , osnon endividyel.

ABRI PWOVIZWA

Si oumenm ak pitit ou a ta renmen separe yon delèt pou yon ti tan, CINS/FINS konseye ou a kab menm pwopoze ,osnon rekòmande ke pitit ou a al nan yon « abri lokal » pou fanmi yan ka pran yon ti repo. Nan abri pwovizwa sa a, yap bay pitit ou a yon kote an sekirite poul rete, mange, rad e menm asistans sikososyal si sa nesèsè. Ti tan repo sa a va bay oumenm ak pitit ou okasyon pou nou kalme nou, konsa na kapab kòmanse travay sou pwoblem fanmi yan. Abri pwovizwa genyen lòt sèvis ke yo ofri, ya va esplike ou lòt sèvis yo genyen jou admisyon pitit ou a.

KONTWÒL KA (AN ANGLÈ CASE MANAGEMENT)

Kontwòl ka vle di: jan yo kowòdone ak sipèvisè sèvis ke yap bay oumenm ak pitit ou a.

SÈVIS DE REFERANS

Pwogram CINS/FINS lokal ou a kapab menm rekòmande oumenm ak pitit ou bay lòt ajans nan kominote ya ,ki ka ede ou.

MAMB KOMITE KI SOU KA YO (YO RELE SA AN ANGLÈ : CASE STAFFING COMITTEE)

Mamb komite ki sou ka yo, konpoze de moun nan CINS/FINS pwogram yo, lekòl, lòt ajans sèvis sosyal, ak oumenm. Komite a gen dwa menm mete anplis, yon reprezantan “ State Attorney’s office”, osnon yon avoka nan “ Florida Department of Juvenile Justice” (DJJ)”. Rezon ki fè yo fè reyinyon an se pou rekonsidere ka pitit ou ansanm ak pwemye plan de sèvis ke oumenm, pitit ou a ak CINS/FINS pwogram nan te devlope ya. Si pwogrè ki fèt la trò piti osnon pa gen pwogrè ki fèt ditou, yo ka change plan an. Mamb komite ki sou ka a ap rankontre avèk oumenm e pitit ou a pou revize ka a si :

- Oumenm osnon pitit ou a pa dakò ak sèvis ke yo ofri ou a, osnon ou pa renmen jan yo trete ou a; e/osnon
- Oumenm osnon pitit ou a pa patisipe nan sèvis la ,osnon pa kontribye nan sa yo mande nou pou nou fè.
- Pwogram lokal la bezwen èd pou devlope yon pi bon plan pou oumenm ak pitit ou a.

Oumenm kom paran, gen dwa pou mande pou yo reyini sou ka a. Demand ou a sipòse fèt a lekri. Tanpri pale avèk CINS/FINS konseye ou a anvan ou mande yon randevou pou yo reyini sou ka ou a.

Si ou mande pou yo reyini sou ka ou a, a lekri, yo oblige pran desizyon pou yo rankontre avèk ou sèt (7) jou apre ke yo resevwa demand ekri ou a. Jou konge ak fen semèn pa konte nan (7) jou sa a.

OPSYON TRIBINAL POU TIMOUN

CINS PETISYON : CINS petisyon se yon demann a lekri ke ou fè nan tribinal pou ka pwouve ke pitit ou a se yon CINS timoun (Timoun ki bezwen sèvis). Le pi souvan ou ka depoze yon CINS petisyon devan tribinal si pitit ou a refize pran sèvis ke yap ofri li, osnon si li kontinye ap bay traka ak move konpòtman. Komite ki pou pran desizyon sou ka a, gen dwa rekòmande ke yo depoze yon CINS petisyon devan tribinal. Dèfwale ale nan tribinal gen dwa se meyè fason pou resoud difikilte ou. Ale nan tribinal se dènye rekou. Avoka lokal (DJJ) ya ka depoze yon CINS petisyon si komite pou pran desizyon sou ka a rekòmande sa. Li ka bay lòd pou pran lòt aksyon

si tribinal la jige li nesesè. Gen posiblité pou komite desizyon sou ka a mete an plas yon lòt plan pandan reinyon an ap fèt, osnon voye yon lòt plan ba ou 7 jou apre reinyon an. Nan nouvo plan sa a yap fè ou konnen si yap depoze petisyon an devan tribinal ou pa. dwa pou li patisipe, osnon ou ankouraje pitit ou a pou li inyore sèvis ki nan plan an, yo ka rele ou nan tribinal e jig la ka :

òdone ou pou patisipe nan pwogram asystans pou konseye fanmi ak lòt kalite pwogram, e/osnon òdone ou pou fe sèvis kominotè,e/osnon òdone ou pou ou peye yon amann.

OUMENM, KÒM PARAN OSNON GADYEN LEGAL TIMOUN NAN , OU KAPAB DEPOSE YON PETISYON DEVAN TRIBUNAL SI:

- Pwogram lokal la pa vle reyini komite ya sou ka a ; e/osnon
- Pwogram lokal pa planifye pou reyini komite ya, 7 jou apre ke yo te fin rsevwa demann a lekri ou a ; e/osnon
- Ou pa dako avèk plan sèvis komite ki te reyini sou ka a mete an plas ; e/osnon
- Komite ki te reyini sou ka a , pa ba ou yon rapò ki esplike ki rezon ki fè yo rekòmande osnon deklina petisyon ou a 7 jou apre ke komite ya te reyini.

Si ou ap konsidere depoze pwòp CINS petisyon pa ou, lalwa mande ke ou fè Avoka DJJ loKal la konnen entansyon ou genyen pou depoze petisyon an a lekri.

Nan CINS petisyon ou ap ranpli ya, ou sipoze montre ke ou esaye patisipe nan tout èd ke yo te eseye ofri ou pou yo ede ou, eke youn ladan yo pa rive resoud pwoblèm ou ak pitit ou a.

Si yon jij deside ke pitit ou a se yon CINS(timoun ki beswen sèvis), tribinal la ap pran responsablité pou li veye sou pitit ou a ak fanmi yan. Jij la gen dwa:

- mete pitit ou a sou sipèvisyon program lokal; e/osnon
- mete pitit ou a sou sipèvisyon yon lòt granmoun ,ki vle pran responsablité legal pou li okipe timoun nan, pou yon ti tan; e/osnon
- mete ti moun ou an sou responsablité yon ajans ki okipe afè timoun ,ki vle pran responsablité okipe timoun nan san touche.
- òdone oumenm ,osnon timoun ou an pou nou fe kèk lè sèvis koninote.
- òdone pou yo mete pitit ou a nan yon CINS espesyalabri ki an sekirite(Staff-secure shelter) pou 90 jou pou pi plis. Pandan pitit ou a nanabri ya (shèlètè) , ou ap obligè patisipe nan tout efò ki ap fèt pou kimbe fanmi yan ansanm. Si apre ke pitit ou a fin pase 90 jou nanabri ya, fanmi yan pa rive reyini, yap rekòmande pitit ou bay Depatman pou Timoun ak Granmoun (DCF), kòm yon Timoun ki sou depandans leta. Osnon si pitit ou a kontinye pa vle obeye lalwa, yo gen dwa òdone pou yo fèmen li yon kote ki fèt pou delenkan ; e/osnon
- si tribinal la detèmine ke pitit ou bezwen sèvis espesyal pou ka li ya , yo ka refere pitit ou bay DCF ; e/osnon
- mande oumenm osnon timoun ou an pou peye yon aman; e/osnon
- òdone oumenm osnon timoun ou a pou nou al pran asistans sikososyal nan asistans; e/osnon
- òdone lòt aksyon ke tribinal la va jije nesesè.

Florida Network CINS/FINS Agencies

Anchorage Children's Home
Panama City - (850) 784-1020

Arnette House
Ocala - (352) 622-6135

AWCD/Youth Central
Orlando - (407) 522-6511

Bethel Community Foundation*
St. Petersburg - (727) 866-2747

Boys Town of Central Florida
Oviedo - (407) 588-2160

Capital City Youth Services
Tallahassee - (850) 576-6000

Center for Family & Child Enrichment*
Miami - (305) 624-7450

Children's Home Society
Ft. Pierce - (772) 460-9752
Osceola - (407) 846-5220*
West Palm - (561) 868-4444

CDS Family & Behavioral Health Services
Gainesville - (352) 244-0618
Lake City - (386) 487-0190
Palatka - (386) 385-0405

Community Based Connections*
Ft. Lauderdale - (954) 524-9797

Crosswinds Youth Services, Inc.
Cocoa - (321) 452-0800

Family Resources, Inc.
St. Petersburg - (727) 384-8336
Clearwater - (727) 449-8336
Bradenton - (941) 708-5850

Florida Keys Children's Shelter
Tavernier - (305) 852-4246 ext. 227

Hillsborough County Children's Svcs
Tampa - (813) 272-6606

Judos*
Panama City - (850) 215-9000

Lutheran Services Florida
Pensacola - (850) 453-2772
Crestview - (850) 682-2374
Ft. Lauderdale - (954) 486-4222
Ft. Myers - (800) 329-8336

Mt. Bethel*
Ft. Lauderdale - (954) 763-5010

Miami Bridge Youth and Family Services
Miami - (305) 635-8953
Homestead - (305) 246-8956

Orange County Youth and Family Svcs
Orlando - (407) 836-7626
Orlando - (407) 245-0126*

SMA Behavioral Healthcare
Daytona - (800) 539-4228

Sarasota Family YMCA
Sarasota - (941) 955-5596

Tampa Housing Authority*
Tampa - (813) 253-0551 ext.206/284

Thaise Educational & Exposure Tours*
Orlando - (407) 490-6401
St. Petersburg - (727) 482-9414

Urban League of Palm Beach County*
West Palm - (561) 833-1461

Wayman Community Development Corp.*
Jacksonville - (904) 693-1503

Youth Advocate Program*
Tampa - (813) 248-3980

Youth Crisis Center
Jacksonville - (904) 725-6662

Youth and Family Alternatives
New Port Richey - (727) 835-1777
Brooksville - (352) 540-6015
Bartow - (863) 595-0220

* Non Residential services only

Eske pitit ou ap sote jou lekòl, sove kite kay ou , antre/soti san pèmisyon, epi pa respekte regleman kay ou?

Gid sou CINS/FINS Sévis pou Paran yo.

Telefòn ijans

Kote pou rele pou ti moun ki sove: 1-800-RUNAWAY osnon 1-800-786-2929
Kote pou rele pou ti moun yap maltrete: 1-800-96-ABUSE osnon 1-800-962-2873
Enfòmasyon sou Timoun ki pèdi. (clearing house) 1-888-FLMISSING

Intènèt adrès

Florida Network of Youth & Family Services
Florida Department of Juvenile Justice
Florida Department of Children & Families

www.floridanetwork.org
www.djj.state.fl.us
www.dcf.state.fl.us



2850 Pablo Avenue
Tallahassee, FL 32308
(850) 922-4324
Fax: (850) 921-1778

Dokiman sa a te devlope dapre yon antant kontraktiyèl ant Depatman de la jistis pou jèn nan Florid (Florida Department of Juvenile Justice) e Network Florid pou Jèn ak Sèvis pou la fanmi, INC. (Florida Network of Youth and Family Services, Inc.), Tallahassee, Florida